

Bahasa Sunda

Nama	:	
Kelas	:	2 KH Baedhowie
Hari, tanggal	:	Kamis, 13 Januari 2022
Materi	:	Kuring jeung sakola kuring

URAIAN MATERI

Di handap ieu aya carita. Pék bacakeun!

Diajar di Kelas Dua

Dinten ieu Dadi munggaran lebet sakola deui. Enjing keneh toss aged bade mios sakola. Seragam lengkep sareng sapatuna, dasi, topi sareng beubeur. Upami tasna mah enggal keneh. Mangrupi hadiah naek ke kelas dua ti ramana.

Ema tos nyayogikeun kanggo sasara, sangu goring nganggo endog. Sabada sasara, Dadi pamitan heula, ka bapa sareng ka ema. “Pa, Ma, Dadi bade mios heula ka sakola,” sanggeum Dadi. Bari teu hilap ngesun panangan aranjeunna. Dadi mios ka sakola sareng Yaman. Ari Yaman téh rerencangan Dadi ti kelas hiji mula. Sakola Dadi mah teu patos tebih ti bumina. Ku kituna, Dadi sareng Yaman mah ka sakolana téh sok marapah wae.

Sadugina ka sakola, tos seueur rerencanganana. Aya nu nuju arameng, aya oge nu ngalobrol. Upami Dadi sareng Yaman mah ngobrol uplek sareng rerencanganana. Nu diobrolkeunana téh mangrupi pangalaman sewing-sewangan. Teu lami bel sakola disada tilu kali, “téét, tééét, tééééét!” ngabageakeun barudak di payuneun kelas. Lajeng anjeunna marios saragam, kuku, waos, sareng masihan nasehat. di antawisna, kuku nu panjang keda diteukteukan, acuk kedah dilebetkeun kana erok atanapi lancingan. Atuh waos kedah disikat, sareng salawasna kedah bararesih.

Saurang-saurang saméméh lebet ka kelas. Barudak ngantay sasalaman ka Bu Tési payuneun patos kelas. Atuh sabada lalebét mah, barudak kelas dua téh diajarna mani saregep pisan.

Jawab sakur pananya di handap ieu kalawan lisan!

1. Raksukan naon nu dianggo ku Dadi téh?
2. Saha nu nyadiakeun Dadi sasara?
3. Jeung naon Dadi sasara?
4. Naon nu dipigawe Dadi saméméh indit ka sakola?
5. Jeung saha Dadi indit ka sakolana?
6. Naon nu dicaritakeun ku Dadi jeung babaturanna di sakola?
7. Naon wae nu diparosan ku Bu Tési téh?
8. Kumaha ari piwuruk ti Bu Tési?

9. Sebutan tata tertib nu aya di sakola jeung imah hidep!

10. Naon mangpaatna ngalaksanakeun tata tertib?

Béré tanda (1) tata tertib nu aya di sakola hidep jeung (0) mun teu aya di sakola

1. ☐ Upami ngawitan diajar kedah ngadu'a heula.
2. ☐ Upami nuju diajar teu kedah ngadu'a heula.
3. ☐ Teu kenging ngobrol pami guru nuju ngawulang.
4. ☐ Ka sakola teu kenging nyandak cocooan.
5. ☐ Ka sakola kedah nganggo sapatu, kaos kaki, saragam, topi sareng dasi.
6. ☐ Dina dinten senen kedah upacara bendéra heula.
7. ☐ Upami dinten Juma'ah kedah beberesih di kelas.
8. ☐ Di kelas teu kenging ngabala.
9. ☐ Sareng réréncangan teu kenging paséa.
10. ☐ Sapanantos diajar kedah ngadu'a.